



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL METE AJOU DIREKTIV COVID-19 YO POU LEKÒL YO

*Depatman Sante a pibliye nouvo direktiv pou lekòl kindègadenn rive 12yèm yo*

*Karantèn pa obligatwa ankò pou elèv ki te ekspoze ak COVID-19 yo*

*Direktiv ki mete ajou ak Kesyon Yo Poze Souvan (FAQ) yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a direktiv sou COVID-19 ki ajou ki aliyen ak nouvo rekòmandasyon CDC yo pandan timoun, anseyan ak kò pwofesè nan eta a ap prepare pou retounen lekòl nan semèn k ap vini yo. Avèk aksè nan enfòmasyon sou COVID-19, vaksinasyon, tès ak tretman yo ki ogmante, Eta New York ap mete ajou repons li pou asire tout elèv, anseyan ak kò pwofesè yo ka gen yon retou san danje nan salklas mwa k ap vini an. Li direktiv ki ajou a ak kesyon moun poze souvan yo [isit la](#).

"Depi bonè, jou ensèten yo nan pandemi an, lekòl New York yo, pwofesè yo ak paran yo te mobilize pou asire aprantisaj kontinyèl ak yon retou san danje nan salklas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, n ap asire ke direktiv eta ak federal la aliyen pou elèv yo ak edikatè yo ka antre nan salklas la avèk konfyans epi pou yo gen yon ane lekòl ki an sekirite ak an sante. N ap bay enfòmasyon sa yo ak paran yo, nan lekòl yo, epi n ap asire pitit nou yo nan kote yo dwe ye otòn sa a. Nou konnen pa gen okenn ranplasman pou aprantisaj nan salklas, epi n ap asire ke ane sa a ap yon ane ki trè diferan".

New York te fè pwogrè ki enpòtan nan konba kont COVID-19 la. Se atravè efò kontinyèl sa yo ke lekòl yo ka founi anviwònman ansèyman ki an sekirite, ogmante aksè nan tès COVID-19 epi asire ke anplwaye, elèv ak fanmi yo gen aksè a resous yo bezwen pou rete nan lekòl la san danje.

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Gras ak travay ewoyik edikatè nou yo, timoun yo atravè New York yo te kapab retounen san danje nan salklas la. Nouvo direktiv sa a pral bay lekòl ak distri yo plis fleksibilite pou yo kontinye bay ansèyman an pèsòn pandan n ap antre nan nouvo ane lekòl la. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li pandan n ap travay ansanm pou kenbe salklas nou yo an sekirite".

## **Estrateji Rediksyon COVID pou Ane Lekòl 2022-2023**

### **Karantèn**

- CDC pa rekòmande karantèn ankò sof nan espas rasanbleman ki gen gwo risk yo.
  - CDC rekòmande pou tout moun ki gen yon ekspozisyon ak COVID-19 yo konnen oswa sispèk kèlkeswa estati oswa istorik vaksinasyon li sou enfeksyon COVID-19 presedan apre rekòmandasyon CDC aktyèl yo sou ekspozisyon ki gen ladan mete yon mask apwopriye oswa yon respiratè pou yon peryòd 10 jou ak fè tè omwen 5 jou apre kontak pwòch oswa pi bonè si sentòm yo parèt.

### **Rete Lakay Lè w Malad oswa Gen Sentòm**

- CDC kontinye rekòmande pou moun yo rete lakay yo lè yo malad. Nenpòt elèv oswa anplwaye ki gen sentòm enfeksyon respiratwa oswa gastwo-enstestinal, tankou tous, lafyèy, gòj fè mal, vomisman oswa dyare, dwe rete lakay yo.
- Tès yo rekòmande pou moun ki gen sentòm COVID-19 osito sa posib apre sentòm yo kòmanse. Sila yo ki gen risk tonbe malad anpil akòz COVID-19 ki teste pozitif dwe konsilte yon founisè swen sante touswit pou tretman ki posib, menm si sentòm yo lejè.
  - Si yon moun teste pozitif pou COVID-19 epi pa gen yon founisè swen sante regilye, li ka evalye pou tretman lè li rele 1-888-TREAT-NY oswa lè li vizite Sitwèb sou Aksè Terapetik ExpressCare pou COVID-19 Eta New York la.
- Moun ki gen sentòm epi k ap tann rezilta tè COVID-19 oswa ki te teste pozitif pou COVID-19 dwe swiv Direktiv Izòlman CDC.

### **Izòlman**

- Moun ki te teste pozitif oswa k ap tann rezilta tè COVID-19 dwe rete lakay epi swiv Direktiv Izòlman CDC. Izòlman an ka fini tou depann de kijan sentòm COVID-19 moun lan te grav.
  - Si yon moun pa te gen okenn sentòm, izòlman an ka fini apre senk jou.
  - Si yon moun te gen sentòm, izòlman an ka fini apre senk jou si li san lafyèy pandan 24 èdtan (san itilize medikaman ki bese lafyèy) epi sentòm yo ap amelyore.
  - Moun yo dwe mete mask jiska 10yèm jou apre izòlman an fini lòske yo santi yo mye (pa gen lafyèy san itilizasyon medikaman ki bese lafyèy epi sentòm yo ap amelyore).
  - Tès antijèn lan pa obligatwa pou mete fen nan izòlman; sepandan, gen kèk lekòl ki ka pèmèt itilize "strateji ki baze sou tè" pou potansyèlman diminye kantite tan pou itilize mask apre izòlman.

Sa chita sou apwòch New York ki rijid ak gen plizyè aspè pou jere ak redui COVID-19 la. Semèn pase a, Gouvènè Hochul te anonse relansman [Inisyativ Vaksinasyon COVID-19 #vaxtoschool](#), sa gen ladan plis pase twa douzèn sit vaksinasyon nan eta a nan semèn k ap vini yo, kote gen plis k ap ajoute an nan yon avni ki pa lwen.

Nan mwa mas la, Gouvènè a [te retire egzijans eta a pou mete mask nan lekòl](#). Desizyon sa a te baze sou tandans done COVID-19 prensipal yo ki montre gwo pwogrè New York nan vaksinasyon yo ak ka yo k ap bese.

Pandan Nouyòkè yo ap antre nan sezon otòn lan, Eta a ak Depatman Sante a pral kontinye bay paran ak responsab yo resous vital, ansanm ak tès ak vaksinasyon solid kontinyèl.

Rete ajou nan vaksinasyon COVID-19 yo kontinye se estrateji sante piblik prensipal pou anpeche maladi grav. Tout moun [ki gen 6 mwa ak plis](#) elijib kounye a pou vaksinasyon COVID-19.

Tout timoun lekòl ki gen 5 ane oswa plis [elijib pou yon dòz rapèl](#). Sa gen ladan moun ki te vaksinen nèt epi ki pa te resevwa yon vaksinasyon adisyonèl nan ane sivil sa a. Nou ankouraje lekòl yo kontinye pwomouvwa vaksinasyon COVID-19 nan kominote yo.

Paran ak responsab yo ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen COVID-19 lè yo vizite [paj Kesyon yo Poze Souvan \(FAQ\)](#) nou an.

Anplis vaksinasyon an kòm yon pi bon pratik, [tès](#) la bay on opòtinite pou konekte moun ki elijib yo ki teste pozitif avèk tretman. Sa pèmèt redui pwopagasyon COVID-19 la nan kominote. Resous yo kontinye disponib pou lekòl yo pou ede teste popilasyon lekòl yo.

Respè direktiv sa a pral ede lekòl yo kolabore avèk depatman sante lokal yo pou sipòte aprantisaj an pèsòn pandan I ap bay pi gwo fleksibilite pou reponn ak bezwen kominote lokal yo pandan nivo COVID-19 nan kominote yo ap chanje.

###